



MassHealth CommonHealth FAQ (Kesyon popilè)

MassHealth CommonHealth ofri kouvèti swen medikal pou moun ki gen enfimite e ki gen yon revni ki twò wo pou MassHealth Standard. Benefis MassHealth CommonHealth sanblab ak benefis MassHealth Standard. Si w gen yon enfimite, ou gendwa admisib pou CommonHealth menm si w gen asirans prive oubyen Medicare.

Kilès ki admisib pou CommonHealth?

Pou kalifye pou CommonHealth, yon moun dwe

- deklare enfim pa biwo sekirite sosyal, Komisyon Massachusetts pou moun ki avèg, oubyen MassHealth (apre l soumèt sipleman MassHealth pou enfimite) ; e
- gen yon revni total nan fanmi a ki plis pase 133% nivo povrete federal la (Federal Poverty Level, FPL) si poko alaj 65 lane, oubyen revni total fanmi a plis pase 100% FPL si moun lan alaj 65 lane e plis. Ou ka wè tablo FPL la isit la : mass.gov/info-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Pouki pou m fè aplikasyon pou CommonHealth si m déjà gen asirans prive oubyen Medicare?

Gen plizyè rezon ki fè CommonHealth gendwa itil.

- Li gendwa kouvri kopeman, ko-asirans, dediktib, e lòt frè asirans ou gen aktyèlman ki pa kouvri.
- Li gendwa peye pou frè asirans prive ou a (konsilte enfòmasyon sou Premium Assistance Program lan sou pwochen paj la).
- Li gendwa peye pou sèvis medikalman nesesè MassHealth kouvri men ki pa kouvri aktyèlman nan plan medikal ou a.

Pou enfòmasyon siplemantè, gade nan mass.gov/info-details/masshealth-and-private-health-insurance-also-known-as-third-party-liability-tpl oubyen telefonnen sèvis kliyan MassHealth la nan (800) 841-2900, TDD / TTY : 711.

CommonHealth mache tankou tout lòt plan medikal konplè e l kouvri konsiltasyon kay doktè, pwosedi, e preskripsiyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sèvis CommonHealth kouvri nan mass.gov/info-details/chart-of-masshealth-covered-services.

Kòman pou m aplike pou CommonHealth?

Pou fè aplikasyon pou CommonHealth, moun **ki poko alaj 65 lane** dwe ranpli Aplikasyon Massachusetts la pou kouvèti medikal e dantè epi èd nan peman frè yo (ACA-3) ki disponib nan mass.gov/lists/applications-to-become-a-masshealth-member#massachusetts-application-for-health-and-dental-coverage-and-help-paying-costs-.

Moun **ki alaj 65 lane e ki pi gran** dwe ranpli Aplikasyon pou kouvèti medikal pou moun aje e pou moun ki bezwen sèvis swen alontèm (SACA-2) ki disponib nan mass.gov/lists/applications-to-become-a-masshealth-member#application-for-health-coverage-for-seniors-and-people-needing-long-term-care-services-. Si w ap fè aplikasyon pou CommonHealth apre laj 65 lane, ekri tanpri "CommonHealth" anwo aplikasyon w lan oubyen demann pou renouvèlman ou an pou kite MassHealth konnen ki kalite kouvèti w ap chèche gen.

Men kòman pou w fè aplikasyon.

- **Anliy :** mass.gov/info-details/ma-login-accounts-for-new-applicants (se metòd pi rapid la pou w jwenn kouvèti)
- **Pa lapòs (enprime aplikasyon soti sou paj entènèt sila) :** mass.gov/lists/applications-to-become-a-masshealth-member
- **Nan telefòn :** Telefonnen sèvis kliyantèl MassHealth la nan (800) 841-2900, TDD / TTY : 711
- **Randevou an pèsòn oubyen vityèl :** Pran yon randevou nan mass.gov/masshealth/appointment

Si w déjà manm nan MassHealth, ou pwobableman dwe ranpli yon sipleman pou enfimite pou wè si w ka monte

nan nivo CommonHealth. Ou ka jwenn sipleman sou enfimite adilt e sipleman sou enfimite timoun isit : mass.gov/lists/masshealth-member-forms. Si w vle poze kesyon sou admisiblite w, telefonnen sèvis kliyantèl MassHealth la nan (800) 841-2900, TDD / TTY : 711.

Èske se pou m peye pou CommonHealth?

Ou gendwa gen pou w peye yon prim (frè) pa mwa pou CommonHealth daprè sitiyasyon finansyè kòkay ou a oubyen gwoup fanmi ou a. Ou ka jwenn enfòmasyon sou prim CommonHealth yo isit la : mass.gov/info-details/masshealth-premium-schedule-for-members.

Si w gen asirans prive nan travay, **pwogram MassHealth Premium Assistance lan gendwa ede diminye oubyen elimine prim pa mwa CommonHealth ou a.**
Pwogram lan gendwa kapab ede ak frè prim asirans

prive ou a tou. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Premium Assistance la, monte nan mass.gov/info-details/masshealth-premium-assistance-pa oubyen telefonnen MassHealth Premium Assistance Unit nan (800) 862-4840, TTY : (617) 886-8102.

Si w gen pou w peye yon prim pou CommonHealth, faktirasyon ap kòmanse mwa apre ou vin apwouve pou CommonHealth. Si pou 60 jou oubyen pou plis tan, ou pa peye prim lan alò kouvèti CommonHealth la ap anile. Monte nan mass.gov/info-details/masshealth-premium-schedule-for-members pou w jwenn plis enfòmasyon.

Mizajou nan CommonHealth

MassHealth resaman elaji kondisyon admisiblite li yo pou CommonHealth pou ka pi byen ede manm nou yo.

- **Pou moun ki pokò alaj 65 lane**, MassHealth elimine sèl gress dediktib la.
- **Moun alaj 65 lane oubyen pi gran** ki gen CommonHealth pou omwen 10 lane konsekatif ka kontinye alèkile nan CommonHealth apre yo vin alaj 65 lane san yo pa gen pou yo travay. Moun ki pa satisfè kritè CommonHealth lè yo vin alaj 65 lane gendwa toujou gen CommonHealth depi yo travay omwen 40 è pa mwa oubyen te travay omwen 240 è nan sis mwa anvan yo soumèt aplikasyon pou renouvèlman pa yo a (ki disponib nan mass.gov/doc/renewal-application-for-health-coverage-for-seniors-and-people-needing-long-term-care-services-0/download). Jwenn plis enfòmasyon sou sa, konsilte nòt sou operasyon admisiblite 23-19. "Mizajou — Chanjman nan admisiblite nan MassHealth CommonHealth pou moun aje" disponib nan mass.gov/doc/eligibility-operations-memo-23-19-updated-changes-to-masshealth-commonhealth-eligibility-for-seniors-0/download.

Èske se pou m voye prèv ansanm ak aplikasyon mwen an oubyen avèk renouvèlman mwen an?

Wi. MassHealth pral mande pou w bay prèv pou enfòmasyon obligatwa nou pa ka verifye. Kèk egzanz sou enfòmasyon MassHealth gendwa bezwen se revni, aktif, estati sou sitwayènte, e estati nan imigrasyon. Tout dokiman nesesè yo ki make nan lis "Verifikasyon ki akseptab" la (disponib nan mass.gov/info-details/masshealth-and-health-connector-acceptable-verifications-list) dwe voye bay MassHealth pou n revwa aplikasyon w lan rapid e verifye ou jwenn pi bon benefis posib.

Kòman m ka jwenn plis enfòmasyon sou CommonHealth?

Si w gen kesyon ou vle poze, telefonnen tanpri sèvis kliyan MassHealth la nan nimewo (800) 841-2900, TDD / TTY : 711 oubyen monte nan <https://www.mass.gov/info-details/masshealth-commonhealth>.